# «МЕҲР-САХОВАТ» КӨКИРЕК БЕЛГИСИ ТАПСЫРЫЛДЫ

Усы жыл 22-сентябрь күни Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы Қарақалпақстан Республикасы бойынша басқармасында бир топар хызметкерлерге «Меҳр-саховат» көкирек белгисин тапсырыў мәресими болды.

Атап өтилгениндей, глобал пандемия және түрли тәбийғый апат ҳәм айрықша жағдайларға қарсы гүресиў, халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, жәмийетимизде тынышлық, дослық ҳәм татыўлық орталығын беккемлеўде белсенди қатнасып атырған, бийғәрез көмек жәрдеми және ийгиликли ислери менен ҳәммеге өрнек болып атырған ўатанласларымызды мүнәсип сыйлықлаў мақсетинде Президентимиздиң усы жыл 26-августтағы пәрманы менен «Меҳр-саховат» көкирек белгиси шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Елимизде жәрияланған карантин дәўиринде Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы Қарақалпақстан Республикасы бойынша басқармасы хызметкерлери де елимиздиң тынышлығы, халқымыздың абадан турмысын тәмийинлеў жолында Ўатан алдындағы миннетлерин пидәкерлик пенен атқарып, мәртлик ҳәм ерлик үлгисин көрсетти. Олардың арасынан 18 хызметкер усы көкирек белгисине миясар деп табылды.

-Белгиленген ўазыйпаларды атқарыўдағы хызметимиз жоқары баҳаланып, көкирек белгисине мүнәсип деп табылғанымнан қуўанышлыман,-дейди Миллий гвардия әскерий хызметкери Айнура Жақсыбаева.-Буны хызмет ўазыйпасын минсиз атқарып атырған бәрше жәмәәтимизге берилген сыйлық деп есаплайман.

Image not found or type unknown

Миллий гвардияның әскерий хызметкери Ш.Халмурзаев ҳәм Қорғаў басқармасының хызметкери М.Мамутовлар өзлериниң хызмет ўазыйпасын атқарыў ўақтында өз жанына қастыянлық етип атырған пуқараның өмирин сақлап қалыўға еристи. Бундай жағдайда өзлериниң жанын қәўип-қәтерге қойып, инсан өмирин сақлап қалыўдағы хызметлери ушын олар Өзбекстан «VETERAN» жаўынгер-ветеранлары ҳәм майыплары бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы бөлими тәрепинен «Мәртлик ҳәм ерлиги ушын» медалы менен сыйлықланды.

Image not found or type unknown

Илажда көкирек белгилери салтанатлы жағдайда тапсырылды.

Мәресим Миллий гвардия хызметкерлериниң көргизбели шығыўлары ҳәм көркем өнер шеберлериниң концерт бағдарламасы менен жуўмақланды.

Д.АБИБУЛЛАЕВ,

Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы